



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM POU PWOGRAM 'TRANZISYON' YO POU NOUYÒKÈ OSPITALIZE K AP VIV AK MALADI MANTAL AK ANDIKAP DEVLOPMANTAL YO

Ekip 'Entèvansyon nan Moman Kritik' ki asosye avèk lojman tranzisyon pou ede adilt yo retounen san danje nan kominote pa yo apre swen pou pasyan ki entène

Eta bay jiska 85 milyon dola pou kreye nouvo pwogram k ap sèvi moun ki gen pwoblèm sante mantal ki rive an menm tan; ak andikap entelektyèl oswa devlopmanal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prim pou tabli senk ['pwogram tranzisyon'](#) pou ede adilt k ap viv ansanm ak maladi mantal ki rive an menm tan ak andikap entelektyèl oswa devlopmanal retounen san danje nan kominote yo apre swen nan yon anviwònman pou pasyan ki entène. Jere pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a, 85 milyon dola nan finansman kondisyonèl sou senk ane pral ede founisè sèvis yo devlope pwogram 'tranzisyon' amelyore ki marye ekip entèvansyon moman kritik (Critical Time Intervention, CTI) ak lojman tranzisyon pou asire moun sa yo ka viv nan anviwònman endepandan yon fwa yo soti nan yon lopital oswa lòt anviwònman pou pasyan ki entène yo.

"Twò souvan, Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal ak andikap ki rive an menm tan yo pa genyen sipò ki nesèsè pou fè tranzisyon ak sikè pou retounen nan lavi endepandan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede devlope lojman ki apwopriye pou moun sa yo epi mete yo ansanm ak yon ekip ki ka ba yo sipò yo ka konte sou yo pou yo rete nan yon anviwònman endepandan nan kominote pa yo."

Ofisye Anchèf pou Moun Andikape nan Eta Nouyòk yo, Kim Hill Ridley, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè a pou inisyativ sa a ki pral fè kontribiye anpil pou asire moun ki gen andikap yo jwenn sèvis nan anviwònman ki pi entegre ki apwopriye ak bezwen yo. Antanke Prezidan Konsèy Kowòdinasyon Anviwònman ki pi Entegre Nouyòk ki responsab pou mete ann aplikasyon Olmstead nan Nouyòk, sa a se yon zouti itil nou pral kapab konte sou li pou asire moun ki andikape yo ka viv poukont yo nan pwòp kominote pa yo."

Founisè yo nan Vil Nouyòk ak Long Island yo pral resevwa 2.1 milyon dola nan finansman fonksyonman ak 652,216 dola èd eta chak ane sou senk ane pou yo kouri pwogram yo. Founisè ki soti nan rejyon Lwès Nouyòk, Nouyòk Santral ak Hudson River Valley pral resevwa prim jiska 1.9 milyon dola nan finansman fonksyonman ak 604,042 dola nan èd eta chak ane sou senk ane.

Pwogram nan alafwa rejyon nò ak sid eta a pral resevwa tou prim endivizyèl 100,000 dola pou yo kòmanse ekip Entèvansyon nan Moman Kritik ki pral sèvi inite tranzisyon amelyore yo. Benefisyè prim yo enkli:

- **The ARC Jefferson-St. Lawre**, k ap sèvi konte Jefferson ak St. Lawrence.
- **AccessCNY**, k ap sèvi konte Cayuga, Cortland, Madison, Onondaga ak Oswego.
- **CP Unlimited**, k ap sèvi Konte Westchester.
- **Family Residences and Essential Enterprises Inc**, k ap sèvi Konte Nassau.
- **AHRC**, k ap sèvi Vil Nouyòk.

Anplis de prim sa yo, OMH ap bay anviwon 10 milyon dola nan finansman kapital pou benefisyè yo ka bati espas rezidansyèl pou pwogram nan. Yo pral detèmine epi akòde kantite lajan sa yo pandan chak pwojè ap kòmanse nan mwa k ap vini yo.

Moun k ap viv ansanm ak sante mantal ki rive an menm tan ak andikap entelektyèl oswa devlopmantral yo souvan gen bezwen itilizasyon sèvis ijans ak sèvis sikyatrik pou pasyan ki entène, menm lè yo ka pi byen sèvi nan kominote a. Pwogram tranzisyon amelyore bay yon ekip entèvansyon nan moman kritik espesyal ak yon anviwonman rezidansyèl pou tranzisyon. Pwogram yo pral konsantre sou moun k ap fè tranzisyon soti nan swen lopital nan kominote a epi ede prepare yo pou yo viv plis endepandan nan kominote pa yo.

Ekip yo pral evalye moun yo anvan yo kite yon pasyan ki entène oswa yon depatman ijans pou detèmine si yo kalifye pou pwogram rezidansyèl tranzisyon an. Jesyon dosye a ak anplwaye rezidansyèl yo pral travay kòm yon sèl ekip pou asire moun k ap patisipe yo kapab viv nan yon anviwonman endepandan. Ekip CTI yo pral disponib tou pou sipòte moun ki bezwen sipò tranzisyon men ke yo pa admèt nan eleman rezidansyèl pwogram nan.

Komisè Biwo Sante Mantal Eta, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Tranzisyon soti nan swen pasyan ki entène yo pou yo viv nan kominote a kapab yon defi pou moun k ap viv ak maladi mantal ki rive ansanm ak andikap entelektyèl oswa devlopmantral yo. Pwogram tranzisyon amelyore sa yo pral ede Nouyòkè yo fè tranzisyon an avèk siksè, konekte ak sèvis lokal yo, epi asire yo gen konpetans ki nesèsè pou viv avèk siksè nan kominote pa yo."

Komisè Enterimè Biwo pou Moun ki gen Andikap nan Devlopman, Willow Baer, te deklare, "Ekip Entèvansyon nan Moman Kritik sa yo se yon pati enpòtan nan angajman

konplè Gouvènè Hochul pou adrese bezwen sipò Nouyòkè yo ki gen pwoblèm sante mantal konplèks nan anviwònman ki pi apwopriye ak nan yon fason ki amelyore rezilta sante yo, bay sipò tranzisyonèl entansif pandan peryòd egzeryat ak planifikasyon swen apre yo. Founisè sèvis OPWDD yo ki te jwenn opòtinite sa a pral bay sipò estabilize enpòtan pou moun ki gen pwoblèm sante mantal ki rive an menm tan ak andikap devlopman, itilizasyon sibstans oswa kondisyon medikal pou yo fè tranzisyon an sekirite nan kominote pa yo apre tretman nan lopital, inite pedyatrik, oswa inite sikyatrik."

Senatè Eta Patricia Fahy, te deklare, "Investisman alontèm jodi a nan pwogram 'tranzisyon' yo reprezante yon etap enpòtan pou asire ke Nouyòkè ki gen maladi mantal ak andikap devlopman yo resevwa swen ak sipò yo bezwen pou fè tranzisyon ak siksè nan kominote pa yo. Lè nou makonnen lojman tranzisyonèl ak ekip entèvansyon devwe, n ap non sèlman amelyore estabilite pou Nouyòkè sa yo, men tou n ap ranfòse sistèm swen sante mantal nou an nan yon san ki pi laj. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Biwo Sante Mantal Nouyòk la paske yo priyorize sèvis vital sa yo epi bay resous ki nesèsè pou ankouraje rekiperasyon alontèm epi finalman, endepandan."

Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare, "Moun ki gen maladi mantal ak andikap entelektyèl oswa devlopman bezwen yon kontinite swen ki ede yo tranzisyon nan lavi endepandan. Pwogram 'tranzisyon' amelyore yo pral pèmèt moun ki nan bezwen pou yo konble ak ekip entèvansyon nan moman kritik ki pral priyorize swen espesyalize ak sekirite. Mwen bat bravo pou investisman Gouvènè Hochul fè nan sèvis sante mantal ki kapab transfòme pozitivman lavi Nouyòkè yo ak bezwen konplèks ki pa satisfè epi ede yo pwospere."

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Li esansyèl pou asire moun ki gen maladi mantal ak andikap devlopman yo genyen sipò yo bezwen pou yo retounen nan kominote a. Pwogram 'tranzisyon' sa yo reprezante yon investisman enpòtan nan konble diferans ki genyen ant swen pasyan ki entèn ak lavi endepandan, bay sèvis ak estabilite ki nesèsè pou siksè alontèm. Lè nou makonnen lojman tranzisyonèl ak entèvansyon siblè, nou pa sèlman amelyore rezilta yo—n ap reyafime angajman nou pou diyite, enklizyon, ak bon jan kalite swen pou tout Nouyòkè yo."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Moun ki gen pwoblèm sante mantal ki rive an menm tan ak lòt andikap yo souvan fè fas a gwo defi lè yo fè tranzisyon soti nan swen pasyan ki entèn pou yo viv nan kominote a. Pwogram tranzisyon sa yo pral ede konble diferans sa a lè yo bay sipò estriktire pandan peryòd tranzisyon kritik sa a. Lè nou ogmante aksè ak sèvis esansyèl yo, nou asire tout Nouyòkè yo resevwa swen yo bezwen nan kominote y ap viv la pou yo gen yon lavi ki pi ansante, ki pi endepandan."

Finansman an fè pati plan enpòtan Gouvènè Hochul pou sante mantal 1 milya dola, ke yo te adopte ane pase a pou ranfòse sistèm swen eta a. Adopte kòm yon pati nan bidjè ane fiskal 2023 la, plan sou plizyè ane sa a kounye a ogmante radikalman aksè a sèvis, diminye tan datant yo, epi asire nivo swen apwopriye nan tout eta a.

Plan an gen ladan 890 milyon dola nan kapital ak 120 milyon dola nan fon fonksyonman pou etabli ak opere 3,500 nouvo inite rezidansyèl pou Nouyòkè ki gen maladi mantal yo. Sa gen ladan 1,500 inite lojman sipò, 500 inite rezidans kominotè ki gen yon sèl chanm, 900 inite tranzisyon; 600 inite apatman ki gen lisans k ap sèvi moun ki bezwen yon nivo sèvis entèmedyè.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)